



## Ekonomize pou pitit ou pandan w ap konsève benefis li yo

Pwogram Achieving a Better Life Experience Act (ABLE) Rhode Island la pèmèt moun ki andikape yo ak fanmi yo ekonomize pou anpil depans chak jou ki gen rapò ak andikap sou yon baz ranvwa taks - san li pa limite kapasite yo pou benefisye revni sekirite siplemantè (SSI) a, Medicaid ak lòt pwogram federal yo.

### Kijan ABLE nan Rhode Island ede pitit ou a?

#### Avantaj taks espesyal

- Yo soumèt revni sou envestisman yo ak yon ranvwa taks federal, sa a k ap maksimize randman w lan.
- Retrè yo pa gen taks federal, si yo itilize yo pou depans andikap ki kalifye.<sup>1</sup>

#### Kenbe benefis aktyèl ou yo

- Balans ki anba \$100,000 yo pa nan limit resous SSI a.<sup>2</sup>
- Pitit ou a ap kontinye kalifye pou Medicaid, kèlkeswa balans kont ou an.<sup>3</sup>

#### Fasil pou itilize

- Ouvri yon kont anliy avèk \$25 pou pi piti.
- Aksè fasil ak kont pitit ou a.
- Avèk fonksyon Ugift® ki fasil pou itilize a, nenpòt moun ka kontribye nan kont pitit ou a.

### Èske pitit ou a kalifye?

Ou ka ouvri yon kont ABLE pou pitit ou a si:

Andikap kalifye yo a te deja la a anvan yo te gen 26 lane epi youn nan bagay sa yo vre.

- Yo avèg jan Lwa Sekirite Sosyal la detèmine sa a; oubyen
- Yo gen dwa resevwa benefis SSI oswa SSDI oswa yo gen yon andikap grav menm jan an avèk yon dyagnostik alekri yon doktè ki gen lisans bay.

*Pwopriyete kont la oswa moun ki otorize a dwe sètifye andikap la. Gade Dokiman Divilgasyon Plan yo pou plis detay.*



### Si pitit ou a gen yon IEP, li ka kalifye.

*Se pa tout timoun ki gen yon IEP ki kalifye pou pwogram nan. Kontakte nou pou plis detay.*

ABLE nan Rhode Island pèmèt ou ekonomize pou depans andikap kalifye sou yon baz ranvwa taks - san li pa limite kapasite w pou benefisye revni sekirite siplemantè (SSI) a, Medicaid ak lòt pwogram federal yo.

### Ki sa ki depans kalifye pou andikap?

Sa yo se NENPÒT depans poutèt yon moun pa viv ak yon andikap epi ki fèt nan entansyon pou amelyore kalite lavi pitit ou a.

Depans kalifye yo genyen:

- Edikasyon
- Transpò
- Depans bazik pou moun viv
- Sante ak Byennèt
- Teknoloji Asiste
- Sèvis sipò pèsonèl
- Lokal
- Jesyon Finansye
- Fòmasyon ak sipò pou travay ak plis bagay ankò

*Y ap takse retrè pou depans ki pa kalifye yo nan to taks pwopriyete kont la epi y ap gen yon penalite taks federal 10% ak taks leta ki aplikab yo.*



**Tranzaksyon san frè nan plis pase 40 000 ATM nan tout peyi a**

**Frè fiks chak twa mwa, kèlkeswa balans kont lan, san okenn frè tranzaksyon**

**Chwazi nan opsyon investisman ki adapte ak bezwen w yo\***

## Kijan m ka ouvri yon kont oubyen aprann plis bagay sou ABLE nan Rhode Island la?

Eskane kòd QR ki anba aoswa vizite [ri.savewithable.com](http://ri.savewithable.com)



**Rele biwo  
Trezorye Jeneral Rhode Island la  
(401) 222-2397**

**RI's ABLE**  
Manm nan Alyans Nasyonal ABLE



James A. Diossa  
Trezorye Jeneral Rhode Island la

1. *Revni ki sot nan retrè ki pa kalifye yo ka gen taks federal sou revni ak yon 10% taks penalite federal, ansanm ak taks sou revni leta ak lokal ki aplikab yo.*

2. *Tanpri gade Dokiman Divilgasyon Plan an pou tout detay sou sispansyon SSI ak nenpòt egzijans sou kilè pou w itilize lajan yo pou anpeche sispansyon benefis yo.*

3. *Lè Pwopriyete Kont la mouri, ajans Medicaid leta a ap vin yon kreditè pou tout asistans medikal ki peye anba pwogram Medicaid Eta a sou non Pwopriyete Kont la apre yo fin kreye kont la, lè eta sa a depoze yon reklamasyon pou peman.*

\*Pou plis enfòmasyon sou ABLE nan Rhode Island la ("Plan Manm"), rele 1-888-609-8915, oubyen vizite [ri.savewithable.com](http://ri.savewithable.com) pou jwenn Dokiman Divilgasyon Plan an, ki gen ladan objektif, risk, montan yo chaje moun, depans ak lòt enfòmasyon enpòtan; li epi ba l anpil atansyon anvan w invest.

Investisè yo ta dwe konsidere anvan yo invest si eta kote yo rete a ofri nenpòt taks leta oswa lòt benefis ki disponib sèlman pou investisman nan pwogram ABLE kalifye eta sa a epi yo ta dwe konsilte konseye legal yo, konseye fiskal yo ak/oswa lòt konseye konsènan sityasyon legal, investisman oswa taks espesifik yo a.

Plan Manm lan patwone pa eta Rhode Island la epi li administre pa Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal (EOHHS, an anglè) ak Komisyon Investisman Eta a. Plan Manm lan se youn nan plan ABLE kalifye yo ABLE Consortium Trust la bay. Ascensus College Savings Recordkeeping Services, LLC, Manadjè Pwogram nan, ak afilye li yo gen responsablite jeneral pou operasyon chak jou yo, ki gen ladan konsèy investisman, kenbe dosye ak sèvis administratif yo.

Plan Manm lan ofri yon seri opsyon investisman nan ABLE Consortium Trust la. Plan Manm lan fèt pou fonksyone kòm yon plan ABLE kalifye pou itilize sèlman pou ekonomize pou Depans Andikap Kalifye, dapre Seksyon 529A nan Kòd Revni Entèn Etazini an, jan yo te modifiye l la.

Ugift se yon mak sèvis anrejistre pou ABD (Ascensus Broker Dealer Services, LLC). Tout lòt mak yo se pwopriyete eksklizif mèt yo.